# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में कृषि अउर येहसे जुड़ल क्षेत्रन में बयालीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क कई परियोजना क लोकार्पण अउर नेई धइलें। श्री मोदी पैंतीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क लागत वाली कृषि क्षेत्र क दुइ प्रमुख पहल प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना अउर दलहन में आत्मनिर्भरता मिशन क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें–

***प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना और दूसरी दलहन आत्मनिर्भरता मिशन ये दो योजनाएं भारत के करोड़ों किसानों का भाग्य बदलने का काम करेगा। इन योजनाओं पर भारत सरकार करीब 35 हजार करोड़ रूपए से ज्यादा खर्च करने वाली है। साथियों, खेती और किसानी हमेशा से हमारी विकास यात्रा का एक प्रमुख हिस्सा रही। बहुत जरूरी होता है कि बदलते समय के साथ खेती, किसानी को सरकार का सहयोग मिलता रहे।***

प्रधानमंत्री बतवलें कि दलहन में आत्मनिर्भरता मिशन भावी पीढी के आत्मनिर्भर बनावे क योजना हौ। जबकि पीएम धन धान्य कृषि योजना में पसु धन पर भी खास धियान दिहल जा रहल हौ। श्री मोदी कहलें कि किसानन के हित में देस में छौ गो नया उरवरक कंपनियों स्थापित कइल गइल हौ अउर पछिला एगारह बरिस में किसानन के पचीस करोड़ मृदा स्वास्थ्य कार्ड बांटल गइल हौ। सौ से बेसी पिछडा जिला के आकांक्षी जिला योजना से विकसित कइल जा रहल हौ। येह मौका पर केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलें कि जीएसटी सुधारन में, सरकार कृषि उपकरणन पर जीएसटी दर के कम कइ के किसानन के राहत दिहले हौ।

प्रधानमंत्री आजु जवन परियोजनन के वर्चुअल रूप से लोकार्पण कइलें ओहमें चन्दौली में करीब बासठ करोड़ रूपिया क लागत से बनल अल्ट्रा मॉडल फिश मण्डी भी सामिल हौ। लोकार्पण के बाद प्रदेस क मत्स्य विभाग क मंत्री डॉक्टर संजय निषाद मॉडल फिश मण्डी का निरीक्षण कइलें अउर प्रधानमंत्री क आभार जतवलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भदोही में उन्चासवां 'अन्तर्राष्ट्रीय कालीन मेला' अउर चउथा कार्पेट एक्सपो क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर उहां के देस–विदेस से आइल कालीन उद्यमी अउर निर्यातकन के साथे बातचीत कइ के भरोसा दियवलीं कि प्रदेस सरकार हर परिस्थिति में उनके साथे खड़ी हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि परंपरागत उद्यम अर्थव्यवस्था क ताकत हौ अउर सरकार ओन्हे लगतारे प्रोत्साहित कइले हौ।

***परंपरागत हस्तशिल्पी और कारीगर हमारी बड़ी ताकत है। इनका बहुत बड़ा योगदान रहा है भारत को वैश्विक अर्थव्यवस्था के रूप में स्थापित करने का। उत्तर प्रदेश से हम दो लाख करोड़ रूपये का एक्सपोर्ट कर रहें हैं, जो उत्तर प्रदेश के अंदर बने हुए प्रोटक्ट्स हैं। सरकार की नियत बहुत साफ है, वह हमेशा अपने व्यापारियों और उद्यमियों के साथ खड़ी है।***

कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री कई योजना क लाभार्थियन के ऋण भी बटलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गाजीपुर क श्री हथियाराम मठ हाता में आयोजित प्रबुद्धजन संवाद संगम के सम्बोधित कइलें। मुख्यमंत्री कहलें कि अजु ओ दुनिया में धरम अउर पंथ के लेके लोगिन में असमंजस रहेला, जबकि भारत क ऋषि परंपरा हजार बरिस पहिले धरम के बहुते आसानी से समझा दिहले रहल। मुख्यमंत्री हथियाराम मठ हाता में बुढ़िया माई मंदिर में दरसन पूजनो कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोषित जीएसटी बचत उत्सव क फायदा समाज क सज्जों वर्गन के पुरहर मिलि रहल हौ। कर क दरन में कमी अइले से चाय अउर खाद्य प्रसंस्करण उद्योग के मजबूती मिली। एगो रिपोर्ट–

***अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधारन में दार्जिलिंग चाय क अर्क अउर एसेंसो पर कर अट्ठारह फीसदी के घटाके पांच फीसदी कै दिहल गइल बा। ई कर कटौती दार्जिलिंग चाय उद्योग क आर्थिक स्थिति के मजबूत कइले हौ। येही तरियन प्रसंस्कृत आम उत्पाद, जूस अउर जैम पर कर बारह फीसदी से घटाके पांच फीसदी कइले से उनके खुदरा दाम में छौ फीसदी से बेसी क कमी आइल हौ। येह कदम से प्रसंस्कृत उत्पाद घरेलू उपभोक्ता बदे बहुते किफायती हो गइल बा, खाद्य प्रसंस्करण उद्योग के नया गति मिलल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से रोहन अउर नीतिका गुप्ता क रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

आजु 'लोकनायक जयप्रकाश नारायण' अउर नानाजी देशमुख क जयंती मनावल जा रहल हौ। कई गो कार्यक्रमन के जरिया से दुन्नो विभूतियन के सरधांजलि दीहल जा रहलि हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो जय प्रकाश नारायण अउर नानाजी देशमुख के सरधांजलि देत उनके व्यक्तित्व के यादि कइले हवें। सोसल मीडिया सनेसा में मुख्यमंत्री कहलें कि जय प्रकाश जी आपातकाल में जनतंत्र के सक्ति क बोध करवलें जबकि नानाजी देशमुख सर्वसमाज क उत्थान बदे पूरा जिनगी समरपित रहलें।

**********